

Fermeture montage

• JOUR 0

YO SEVI OU AVEK KA
"FORECLOSURE" MEY KAY
OU A

• JOUR 20

OU POTE "NOTICE OF
TENANCY" AN NAN
TRIBUNAL LA

• JOUR 30

OU ALE SOU ENTENEY EPI
TCHEKE NIMERO
REFERANS TRIBINAL LA,
O SINON RELE BIRO
TRIBUNAL
"FORECLOSURE" LA

About Community Legal Services of Mid-Florida (CLSMF)

Deklarasyon Objektif Nou

*Nou angaje nou avék pasyon pou
Pouswiv Jistis Egal Ego Pou Tout
Moun . Nan agresivite nou pou nou
defan - n klyan epi pou nou itilize
tout mwayen nesésé ak kolaboraté
nou yo nan kominote a, nou fé tout
efò nou pou nou sipòte klyan nou
yo pou soulaje tribilasyon pòvrete
yo.*

Boukè sa a se pou jeneral
edikasyon sèlman. Pa entansyon
pou itilize pou rezoud grenn pa
grenn pwoblèm. Si ou gen
kesyon espesifik, yo wè yon
avoka. Biwo CLSMF yo make
nan dèyè boukè sa a.



Community Legal Services of Mid-Florida Offices:

*BREVARD: 1-866-469-7444

CITRUS & SUMTER
106 N. Osceola Ave., Inverness, FL 34450
(352) 726-6592 — CITRUS
1-800-984-2918— SUMTER

FLAGLER: 1-800-405-1417

HERNANDO: 1-866-801-5566

LAKE— (352) 343-6351
226 West Main St., Tavares, FL 32778

MARION— (352) 629-6257
2300 SE 17th St. Suite 201
Ocala, FL 34471

*ORANGE — (407) 841-7777
122 E. Colonial Drive, Suite 200
Orlando, FL 32801

OSCEOLA — (407) 933-1791
800 North Main St., Kissimmee, FL 34744

PUTNAM: (386) 385-0928
216 S. 6th Street, Palatka, FL 32177

*SEMINOLE: (407) 322-6673

VOLUSIA — (386) 258-5600
128 Orange Ave., Suite 100,
Daytona Beach, FL 32114
Client toll-free number: 1-800-363-2357

ADMINISTRATIVE OFFICE: (386)506-5396


info@clsmf.org
http://www.clsmf.org

*Offices currently not offering
Family Law services



Community
Legal
Services of
Mid-Florida

**Ki Sa Ou
Dwe Fe Le
Bank Lan Ap
Sezi Kay
Propiete Kay
Ou**



Ki Sa "Foreclosure" Sezi a ye ?

Si met kay ou a pa peye mogej li, kompayi mogej la ka fe aksyon "foreclosure"/Sezi kont li. On aksyon foreclosure" la, kompayi mogej la mande tribunal la pou li van-n p priete a pou li ka tire lajan mogej li a.



Pouki Sa Yo Sevi Mwen/Resevwa Papye Tribinal ?

Sevi ou vle di swa ke "Sheriff" la o sinon "process server" a pral ba nan men fotokopi papye "foreclosure" yo. Li pral gen nom met ka a sou li. Yo sevi ou paske ou lwe kay la.

Ki Sa Pou Mwen Fe ?

Ou dwe voye nan Tribinal on papoye ki rle "Notice of Tenancy" o sito ke posib. Itilize fom ki nan livre sa-a. Ale nan tribunal la epi pote ale "Notice of tenancy" an bay "Clerk" la. Asire ou ke ou kenbe on fotokopi pou dosye pesonel ou epi poste fotokopi a bay avoka bank la

Pouki Sa Mwen Pote Papye Sa-A Nan Tribinal ?

Le ou pote "Notice of tenancy" a nan tirbinal, Tribinal la epi tout lot pati ki emplike dwe voye pou ou fotokopi tout evenman epi desizyon empotan ki pran nan ka sa-a. Ou pa pral oblije depan-n de met kay ou a pou ou konnen ki sa ki ap pase na ka-a.

Ki Sa Pou Mwen Fe Si Met Kay Mwen An Di Mwe ?

Men-m si met kay ou a di ou ke "yo ap cheche on solisyon ak bank lan("weorking it out with the bank") ou dwe toujou pote "Notice of Tenancy" an nan tribunal. Asire ou ke ou verifye dosye Tribinal yo pou ou ka konnen stati ka-a.

Eske Mwen Ka Kite Kay La ?

Si met kay ou pa peye mogej li, epi ou vle kite kay la, ou ka voye on let ba li kote ou eksplike

ke ou pral temine ako lweyaj ou genyen ak li a nan 7 jou paske li pa peye mogej li. Asire ou ke ou kenbe on fotokopi pou dosye pa ou. Ou DWE soti kite ka la na 7 jou a tout bon vre.

Kombyen Tan Posedi "Foreclosure" La Pral Pran?

Posedi "foreclosure" la ka dire 6 mwa rive 2 lane o sinon li ka pran plis tan anko. Jiskas ke yo van-n propriete a, met kay ou a toujou propriete legal kay ou a. Met kay ou a ka touché lajan lweyaj jiska jou kay la van-n lan.

Eske Mwen Dwe Peye Lweyaj ?

ANVAN yo van-n propriete a, met kay ou a toujou propriete kay la. Ou dwe peye lweyaj ou, o sinon yo ka fe on aksyon eviksyon kont ou. On fwa ke yo van-n kay la nan vant "foreclosure" la, ou pa bezwen peye ansyen met kay ou a anko. Ou ta dwe sere lajan lweyaj ou bay nuovo mey kay la. Asire ou ke ou mande prev tit kay la anvan ou komanse peye nuovo met kay la lajan lweyaj.

Ki Sa Pou Mwen Fe Si Nouvo Met Kay La Vle Pou Mwen Soti Kite Lay La ?

Si ou gen on kontra ekri ki poko ekspire nan moman yo van-n kay la, ou ka rete nan kay la jiskas ke kontra-a fini. Men, si nuovo mey kay la vle rete na kay la, ou dwe resevwa on "Notice to Vacate" pa ekri ki gen 90 jou la dan-l, kote li mande ou kite kay la nan 90 jou.

Si ou PA genyen on kontra ekri, nuovo met kay la dwe ba ou on notis 90 jou ki rele Notice to Vacate".

Ki Sa Pou Mwen Fe Si Nouvo Met Kay La Vle Mwe Rete Nan Kay La ?

Gendefwa, nuovo met kay la pral mande ou si ou vle rete nan kay la. Asire ou ke li se nuovo mey kay la tout bon vre anvan ou peye lweyaj ou o sinon siyen on nuovo kontra avek li. Ou ka we sa nan Biro "Clerk" la pou ou ka we si te gen on vant "foreclosure" ki te fet, o sinon ou ka ansyen met kay ou a pou prev ke yo te van-n propriete a.

Ki Sa Ki Ap Rive Si Mwen Pa Kite Kay La ?

Si ou pa kite kay la, nuovo met kay la dwe fe on aksyon kont ou nan Tribinal. Sa se entepretasyon pa nou de lwa sa-a. Men, anpil nuovo met kay ka ale nan tribunal "foreclosure" epi mande pou sa ki rele on "writ of possession", ki se on notis 24 tre ki mande ou kite propriete a. Si ou genyen on jijman sou mosyon pou "Writ of Possession", asire ou ke ou ale dan-l. Si ou resevwa on "writ of possession"ou ka fe nan tribunal on mosyon ki rele "Emergency Motioun To Stay The Writ Of Possession". Ou dwe pote mosyon sa-a ou men-m nan biro "Clerk" la. Si ou genyen revni ou ba, mande "Clerk" la pou on "Affadavit of Indigency" pou ou ka pa oblije peye fre \$50 pou ouvri dosye a anko.

"Cash For Keys"

Gendefwa nuovo met kay la, o sinon bank lan, lajan kash (Cash For Keys) pou kle a pou ou kapab kite kay la apre you fin-n van-n li. Yo pral ofri ou lajan pou ou kite kay la. Si ou dseide fe sa, ou dwe asire ou ke ako ou a fet pa ekri. Pran on fotokopi tout dokiman ou siyen. Li ako a anvan ou siyen-l, pou ou ke ou konpran-n tout bagay.

"Receivers"

Gendefwa, nan on "building" ki pou anpil man-m nan on fanmi, kompayi mogej la ka mande pou on sa ki rele on "receiver". On "Reveiver" resevwa lajan lweyaj nan men locate le met kay la nan "foreclosure". Sa se pou peye pou asosyasyon an o sinon pou fre netwayaj/maintenance kay la. Ou dwe peye lweyaj ou direktman l "Receiver" la. Asire ou ke ou verifye ke genyen on Lod ki soti nan Tribinal navan ou peye lweyaj ou bay "Receiver" la.

"Section 8"

Si ou se on patisipan "Section 8", epi swa "condo" o sinon kay ou lwe a te van-n nan on vant "foreclosure", ou dwe konnen ke ou ka rete nan kay la jiskas ke kontra ou an ekspire, epi nuovo met kay la ka koma resevwa peyman nan men "Housing Authority" an.

Eske Mwen Gen Lot Kalite Dwa Anko ?

Ou ka genyen lot kalite reklamasyon kont met kay ou a. Ou ta dwe ak on avoka anvan ou fe aksyon legal.

"Fannie Mae Loans"

Ou ka genyen lot dwa anko si youn nan ypyek sou propriete kay ou lwe a te fet avek "Fannie Mae". Regleman "Fannie Mae" vle lwe kay bay locate a pou on period 12 mwa o mwens apre yo fin-n van-n kay la, epi pou bay ed a locate pou yo jwen on lot kote pou yo rete. Ou ta dwe resevwa on feye ki rle "know your rights" ki ap soti nan men ajan li ta-p okipe propriete a.

Pou ka konnen si propriete a gen ypotek li avek "Fannie Mae loan", ka ale <http://www.fanniemae.com/laonlookup/>

